



# Budget 2021–22

## Kuronka ugukira kwa Australia

Ugukira kwa Australia bivanye na COVID-19 kurabandanya neza



### Kugaruka kwacu

Muguhangana na COVID - 19, Australia yageze ahantu heza kunyishu yerekeye n'amagara ku ngene ntangarugero kw'isi, ikaba yaragize abantu bake banduye, bake binjiye mubitaro na bake bapfuye ugereraniye n'ibihugu vy'inshi.

Imfashanyo y'ihutirwa ya Reta yatanze ubuzima buhambaye mubukungu mugihe c'ihungabana rya mbere rya Australia ritigeze riba hafi mu myaka 30 ihise.

Ubukungu bwarakize n'ingufu kandi butegerejwe kuduga buhashika kunzego zohejuru nka mbere y'ikiza amezi kenda mbere kurusha ingene vyarivyateguwe n'ibajeti y'ubushize hamwe n'ugukira kw'igipimo cubushomeri kw'itezwe kw'ihuta incuro zitano kurusha guhungabana kw'igeze kuba muri 1990.

Naho tutarava muri iki ikiza, turi ahantu heza ugereraniye n'ibinti bihugu vyinshi kw'isi.

Iyi ngeni yubakiye kuri iyi intsinsi yo kurinda ugukira kwa Australia.

### Gahunda

Iyi Ngeni niyo ntambwe ikurikira ya gahunda y'ubukungu ya Reta kurinda gukira kwa Australia.

Irazana imirimo, iratanga ic'izere ko ibikorwa nyamukuru bizobaho kandi ir'ubaka Australia izi kw'ihangana kandi ifise umutekano.

Ibi irabikorwa na:

- Ukugabanya umusoro wa bantu;
- Gushigikira umusoro w'ubundandaji;
- Imyanya mishasha mu kwiga imyuga abiga bakora mu vyobiga n'imyanya mishasha mu gukarahirizwa ubwenge;
- Ibikorwa remezo; na
- Amahera menshi y'ugufasha amashuri, amavuriro, kwitwararika abageze muzabukuru, kwitwararika abarwaye mumutwe na NDIS.

Ibi bazorinda gukira kwa Australia n'ugukorora igitigiri cubushomeri.

## Gutanga imirimo na ukubaka ubukungu

- Iyindi miriyari \$7.8 mu kumanura umusoro kubantu bafise amafaranga make n'abafise amafaranga yo hagati, bifise agaciro gashika ku \$1,080 ku buri muntu canke \$2,160 ku mafaranga yababiri bubakanye
- Kwongera uruhusha rwo kugabanya umusoro n'amafaranga yaguze ibikoresho nyamukuru birenga umwaka bikoreshwa na ukwemererwa gusubira inyuma kugabanya umusoro wazenze n'igihombo ca gateganyo gushiraho indi miriyari \$20.7 mu biharuro vyukugereranya vy'imyaka itatu gushigikira gushora imari mubundandaji n'ugutuma imirimo myinshi iboneka
- Iyindi miriyari \$15.2 mu myaka icumi gushigikira ibikorwa remezo
- Kwongera igiye co gutangira kubaka ku Muntu Wubaka Inzu n'ica New Home Guarantee (gahunda ya Reta ishigikira abagore bibana canke abagabo bibana kugura inzu bantanze dipozite ya 2%)
- Gushora amahera mw' igenamiterere n' umubuhinga kugira ubukungu bukoresha compyuta bwa Australia bukure
- Gushigikira ubundandaji bwacu bwagize ingorane n'uturere twacu twagowe cane, hashizwemo miriyari \$1.2 gufash'ubusafiri bwindege n'ubukerarugendo

## Gushigikira no kwemezako ibikorwa nyamukuru bibandaya

- Kurinda amagara y'abanya Australia mu kwongera inyushi y'amagara kubera COVID-19 no gushora amahera muri gahunda yo gukingira COVID-19
- Gufasha abantu bafise ubumuga ku ngene y'uguha NDIS imfashanyo yuzuye n'indi miriyari \$13.2
- Gutanga miriyari \$17.7 gufasha impinduka z'ukwitwararika abageze muzabukuru kugirango

abakurambere ba Australia bavurwe n'icubahiro, n'ubwitonzi n'ishema

- Ama dolari miriyari 2.3 yo gufasha ubuvuzi bwo mumutwe buteyimbere no kurinda abantu ntibiyahure
- Gushira amahera mu mashuri y'imbura mwaka

## Kwongera umutekano wabakenyezi no mutekano w'ubukungu

- Gukemura ihohoterwa rikorerwa abagore n'abana
- Kuraba yuko aho bakorerwa muri Australia hatabaho ihohoterwa rishingiye kugitsina
- Kuzamura ireme ry'ubuvuzi bw'amagara y'abakenyezi n' ukuzamura ubushozi bwo gushigikira ibikorwa vy'ubu buvuzi
- Gukomeza umutekano w'ubukungu bw'abakenyezi umukwongera ubushobozi bwo kurungika abana muri child care n'ugushigikira akazi n'umutekano w'amahera y'abakenyezi

## Kubaka Australia yihangana kandi ifise umutekano

- Gucunga umutekano w'abanya Australia mu gushora amahera mu mutekano wacu w'iguhugu n'umubushozi bw'ugushira itegeko mu bikorwa kugahato
- Gufasha inganda z'ubuhinzi gushika ku ntumbero yazo y'ukwongera inyungu y'umugaruro gushika ku ma dolari miriyari 100 muri 2030
- Kugumana umuyagankuba mumutekano, uhendutse kandi wizewe
- Ibintu bishasha bifise ingufu iremesha mu buganga na muri biotech (ubuhinga bukoresha ibintu bizima nka bacteria mu gukora imiti mishasha)
- Gufungurura ubushobozi bw' uturere twacu
- Gufasha ibibano vyagowe n' impanuka kamere